

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikweruh jeung ngadéskripsikeun semantik formal paribasa Sunda jeung paribasa Indonésia, ngabandingkeun dumasar kana kritéria sakecap saharti, beda kecap saharti, jeung sakecap beda harti, sarta nimukeun ajén étnopédagogik dumasar maksud paribasa Sunda-Indonésia nu sarua. Péso atawa tiori nu dipake pikeun medar paribasa Sunda jeung Indonésia nya éta semantik formal jeung étnopédagogik. Métoeu panalungtikan nu digunakeun nya éta déskriptif. Pikeun ngumpulkeun data ngagunakeun téknik studi pustaka, sedengkeun analisis data ngagunakeun analisis unsur langsung jeung hermeneutik.

Nurutkeun ieu panalungtikan hasil panalungtikan bisa dicindekeun kana opat hal. *Kahiji*, Tina hasil analisis nu dilakukeun kana 273 Paribasa Sunda nu kapanggih tina sumber data utama, kapanggih 135 paribasa nu boga wangun kalimah salancar sampurna. Kapanggih dalapan variasi pola kalimah salancar dina ieu panalungtikan. Paribasa wangun kalimah rangkepan sampurna kapanggih 47 paribasa. Variasi pola nu kapanggih nya éta aya 21 pola kalimah rangkepan wangun sampurna. Wangun salancar teu sampurna aya 68 paribasa. variasi pola nu kapanggih nya éta genep pola. Paribasa wangun kalimah rangkepan teu sampurna kapanggih 71 paribasa. Variasi pola nu kapanggih nya éta aya 21 pola kalimah rangkepan wangun sampurna. Unggal pola miboga sub-pola, sub-pola ieu didasarkeun kana struktur kalimah, warna kecap, jeung wandana sarta pasipatan kekecapan nu ngawangun ieu paribasa pikeun nimukeun maksud.

Kadua, paribasa Indonésia nu dijadikeun sumber data ieu nya éta 181 paribasa, nu boga maksud, harti nu sarua jeung paribasa Sunda. Paribasa wangun kalimah salancar sampurna kapanggih 65 paribasa. Variasi pola nu kapanggih nya éta aya 9 pola kalimah salancar wangun sampurna. Wangun rangkepan kapanggih 54 paribasa Indoneisa wangun kalimah rangkepan, boh nu satata oge nu sumélér. Aya 34 paribasa wangun salancar teu sampurna nu diwincik kana opat variasi

pola. Paribasa wangun kalimah rangkepan teu sampurna kapanggih 25 paribasa, variasi pola nu kapanggih nya éta aya 8 pola kalimah. Unggal pola miboga sub-pola, sub pola ieu didasarkeun kana struktur kalimah, warna kecap, jeung wandana sarta pasipatan kekecapan nu ngawangun ieu paribasa pikeun nimukeun maksudna.

Katilu, tina 185 paribasa SI dumasar kana hasil analisis tina sisi semantik formal nu geus dilakukeun, paribasa Sunda jeung Indonésia kapanggih 26 paribasa SI nu hartina sarua sarta diwangun ku kekecapan nu boga katégori maksud nu sarua. Salian ti éta, kapanggih ogé 157 paribasa SI nu hartina sarua sarta diwangun ku kekecapan nu béda. Aya dua paribasa nu boga kekecapan sarua tapi miboga harti nu béda.

Kaopat, nurutkeun étnopédagogik kapanggih yén paribasa Sunda jeung Indonésia nu boga harti atawa maksud nu sarua ngandung ajén moral kamanusaan. Tina hasil analisis data kapanggih yén paribasa Sunda ngandung: (1) Moral manusa ka Pangéran/ *Tuhan* (MMT); (2) moral manusa ka dirina/ *pribadi* (MMP); (3) moral manusa ka manusa séjén (MMM); (4) moral manusa ka alam (MMA); (5) moral manusa ka waktu (MMW); jeung (6) moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin (MMLB). Moral kamanusaan ngajadikeun jalma jadi jalma nu masagi nu boga sikep trisilas (silih asah, silih asih, jeung silih asuh) jeung karakter pancarawayan (cageur, bageur, bener, singer, jeung pinter).

Dumasar panalungtikan nu dilakukeun katitén yén maksud dina paribasa Sunda jeung Indonésia bisa katitén tina kekecapan nu ngawanguna. Tina maksud nu dipiboga ku paribasa Sunda jeung Indonésia ieu katitén ajén étnopédagogik di jerona.

5.2 Saran

Dumasar hasil nu geus ditétélakeun, aya sawatara saran pikeun ngeuyeuban jeung ngamekarkeun panalungtikan ngeunaan basa jeung budaya Sunda, ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kasadaran masarakat pikeun ngajaga, maluruh, jeung

nyuksruk leuwih jero ngeunaan basa hususna sémantik jeung budaya hususna paribasa.

Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep aya nu naluntik ngagunakeun tiori semantik formal. Ieu tiori bisa dipaké pikeun nalungtik objék basa, sastra, ogé budaya boh nu téks atawa tuturam. Ku kituna para ahli basa kudu medar leuwih jero ngeunaan tiori semantik formal sangkan panalungtik bisa ngagunakeun tiori ieu dina panalungtikanana.

Salian ti eta, ieu panalungtikan bisa jadi rangsangan pikeun panalungtik séjén sangkan naliti hal-hal nu patali jeung kaarifan lokal. Hal ieu dimaksudkeun sangkan leuwih dikenal ku masarakat. Salian ti éta, tiori étnopédagogik bisa dipaké pikeun ngulik hal-hal nu patali jeung kabeungharan budaya Sunda, boh nu sifatna pamikiran masarakat ogé kabiasaan masarakat.

Pikeun para guru, sangkan ngawanohkeun paribasa bisa ngagunakeun babandingan paribasa Sunda jeung Indonésia. Semantik formal ogé bisa digunakeun sangkan murid bisa wanoh kana kekecapan nu aya dinu paribasa, nu ayeuna geus teu digunakeun deui ku masarakat, hal ieu tangtu bakal ngababarikeun nimukeun maksud paribasa. Hal ieu dimaksudkeun sangkan wanoh, nu antukna reueus kana paribasa.